Poukisa aktivite mache, monte bisiklèt, epi woule a?

EDIKASYON • • • ANGAJMAN • • • EVALYASYON • • • JENI • • • EKITE

ANKOURAJMAN

Wout Sekirize pou Ale Lekòl (Safe Routes to School, SRTS) fè patenarya ak lekòl, elèv, paran / responsab, ak kominote a pou ankouraje transpò aktif epi nan tout sekirite pou ale lekòl, tankou nan mache ak monte bisiklèt.

Alò, poukisa yon transpò aktif se yon mwayen ki tèlman bon pou ale lekòl? Men kèk nan rezon nou pi renmen yo:

Li amizan!

Mache oswa kondui pou ale lekòl ba ou yon chans pou eksplore katye ou oswa genyon chans pou ou ratrape ak yon vwazen, manm fanmi oswa zanmi.

Li endepandan!

Ou ka ale kèk kote pou kò ou epi rankontre ak zanmi.

Li bon pou lasante!

Mache, kondui oswa woule pou ale lekòl ede ou rete aktif epi li bon pou kè ak misk ou yo.

Li bon pou anviwònman an!

Mache ak monte bisiklèt se mwayen pou deplase san polisyon, epi toulede diminye blokis trafik ozalantou lekòl ou.

DEGAJE OU POU SA FÈT!

Elèv, paran / responsab, ak kominote, tout ka bay sipò lè yo dirije, patisipe epi fè volontè nan pwogram ak aktivite ki santre sou mache ak monte bisiklèt. Ede amelyore anviwònman ki antoure lekòl ou ak sante ak sekirite tout elèv lè ou patisipe nan aktivite sa yo:

Bis lekòl apye

Yon gwoup moun (timoun, paran / responsab, vwazen) ki mache de yon plas yo deziyen rive nan lekòl la ansanm (yo rele sa yo Arè bis lekòl apye).

Tren bisiklèt

Menm jan ak yon Bis lekòl apye, men sou bisiklèt ak "arè" sou tout wout la.

Pwomnad espesyal / Monte bisiklèt / Jounen glisad

Chwazi yon jou (nenpòt jou!) pou selebre mache, monte bisiklèt, oswa toulede.

Pake, mache, epi woule

Elèv ak paran / responsab yo pake nan yon kote ki deziyen (tankou yon bibliyotèk) toupre lekòl la epi mache nan rès wout la.

Sesyon sezon ete

Yon sesyon edikatif ki amizan SRTS la dirije ki konsantre sou sekirite pyeton ak bisiklèt.

FÈ SA TOUNEN YON ABITID

Elèv, paran / responsab, ak lekòl yo ka ede kenbe elan sa kontinye pou transpò aktif. Men kèk fason pou fè mache ak monte bisiklèt tounen yon abitid regilye:

- ✓ Pwograme yon aktivite chak semèn, tankou "Mèkredi mache" oswa "Vandredi apye"
- ✓ Pwograme aktivite ki gen tèm pa mwa tankou yon “Pwomnad Lous Polè” nan janvye oswa yon “Jounen ekolojik” nan mas
- ✓ Retwouve plezi pou Aktivite vedèt SRTS yo
  - — iWalk (Jounen mach entènasyonal, monte bisiklèt epi woule pou ale lekòl) nan premye mèkredi nan mwa oktòb la
  - — Pwomnad ak glisad ivè nan premye mèkredi nan mwa fevriye a
  - — Jounen mach, monte bisiklèt ak woule pou ale lekòl Massachusetts nan premye mèkredi nan mwa me
- ✓ Reflechi sou yon pwogram motivasyon ki rekonpanse elèv yo paske yo chwazi transpò aktif (prim ki gratis tankou dwa pou fè lwanj nan wout la!)

Kijan SRTS ka ede

SRTS gen resous anliy (ki enkli yon zouti konplè) ansanm ak prezans anliy oswa fizik pou ede ou òganize pwogram pou mache ak monte bisiklèt.

Nou ka bay:

- ✓ Kat jewografik ki pèsonalize pou Bis lekòl apye, Tren bisiklèt, ak pwogram pake, mache epi woule yo
- ✓ Motivasyon gratis tankou otokolan, siy, ak bann refleksyon
- ✓ Gid pratik pou ede ou pwograme epi ankouraje inisyativ mache epi monte bisiklèt yo

massDOT
Massachusetts Department of Transportation

MASSACHUSETTS
Safe Routes to School
MASS.GOV/SAFE-ROUTES-TO-SCHOOL

POU PLIS ENFÒMASYON: mass.gov/safe-routes-to-school (888) 426-6688